



(Lyen Lakay) Inite 4: Monn Koulè Yo: Semèn 5

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou pral aprann sou koulè. Eseye omwen twa nan aktivite amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo nou chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochen.

AMIZE N!

Non timoun nan: _____

Alfabetizasyon

Chante Ansanm: Sa a se yon chan pitit ou dwe abitye avè l.

BINGO

There was a farmer who had a dog and Bingo was his name-o.

B-I-N-G-O, B-I-N-G-O, B-I-N-G-O, and Bingo was his name-o.

There was a farmer who had a dog and Bingo was his name-o.

(Bat Men N)-I-N-G-O, (Bat Men N)-I-N-G-O, (Bat Men N)-I-N-G-O,
and Bingo was his name-o.

There was a farmer who had a dog and Bingo was his name-o.

(Bat Men N, 2 fwa)-N-G-O, (Bat Men N, 2 fwa)-N-G-O, (Bat Men N, 2 fwa)-N-G-O,
and Bingo was his name-o.

There was a farmer who had a dog and Bingo was his name-o.

(Bat Men N, 3 fwa)-G-O, (Bat Men N, 3 fwa)-G-O, (Bat Men N, 3 fwa)-G-O
and Bingo was his name-o!

There was a farmer who had a dog and Bingo was his name-o.

(Bat Men N, 4 fwa)-O, (Bat Men N, 4 fwa)-O, (Bat Men N, 4 fwa)-O,
and Bingo was his name-o!

There was a farmer who had a dog and Bingo was his name-o.

(Bat Men N, 5 fwa), (Bat Men N, 5 fwa), (Bat Men N, 5 fwa),
and Bingo was his name-o!

Matematik

Mezire e Konpare:

Mande pitit ou an pou l rasanble 6 a 8 objè osinon jwèt ki gen longè diferan. Travay ansanm pou n triye yo selon sa ki pi kout ak sa ki pi long. Pale sou ki sa nou remake.

Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Mwen remake _____ pi long/pi kout pase _____ paske...
- Konbyen _____ li mande pou mezire _____?

Pale epi Li Ansanm
(20 minit)

Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Ki pati w pi renmen nan istwa a?
- Ki premye bagay ki pase nan istwa a?
- Ki sa w panse ki ka rive aprè?

Langaj

Dekri Figi Mwen: (*Anrapò ak otopòtrè elèv yo ap travay sou yo nan lekòl la.*)

Mande pitit ou pou l dekre sa li remake nan figi w epi ou menm dekre sa w remake nan figi pa pitit ou an.

Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Ki sa w remake konsènan trè m yo?
- Mwen remake ou genyen...

Pami Mo Nou Kapab Itilize: *trè, figi, long, kout, grenn/siwo, swa, oval, won, awondi, et setera*

Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik ou a pou gwo liv sou mond lan nan koulè!

Lendi ____ Madi ____ Mèkredi ____ Jedi ____ Vandredi ____ Samdi ____ Dimanch ____

Liv n ape li lekòl la:

Max's Dragon Shirt ekriven: Rosemary Wells
Dog's Colorful Day ekriven: Emma Dodd
Nana in the City ekriven: Lauren Castillo

Lòt liv ou menm ak pitit ou an kapab jwi ansanm:

Shades of People
ekriven: Sheila M Kelly and Shelly Rotner
Inch by Inch ekriven: Leo Lionni

Kèk konsèy pou lè n ap li ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epiou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “**Colorful** vle di lè yon bagay genyen plizyè koulè.”
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Poukisa Max pa t achte kèk pantalon tounèf nan magazen an?”